

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Manusa moal leupas tina pasualan basa, sabab dina nepikeun kahayang, ngébréhkeun rasa, pikiran tur rupa-rupa pamaksudan lianna manusa ngagunakeun alat nya éta nu mangrupa basa. Dina kahirupan sapopoé, basa téh mibanda fungsi nu kacida pentingna nya éta mangrupa pakakas komunikasi anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna.

Salah sahiji média anu digunakeun ku manusa pikeun nepikeun kahayang, ngébréhkeun rasa, pikiran tur rupa-rupa pamaksudan anu hayang kahontal téh nya éta ku jalan ngagunakeun sastra. Ieu téh luyu jeung pamadegan De Bonald dina Wellek jeung Warren (1995:110) nya éta yén sastra mangrupa ébréhan tina perasaan masarakat.

Wangenan nu dikandung ku kecap sastra téh lega pisan. Sastra bisa dihartikeun aturan, pituduh, pangajaran, karya ilmiah, atawa karya kaagamaan. Beuki lila wangenan sastra beuki ngaheureutan. Kiwari sastra digolongkeun kana salah sahiji bagian seni anu digelarkeun dina rakitan basa. Anu jadi ciri utama seni nya éta ayana unsur éstétis (kaéndahan). Ku kituna, sastra sok dihartikeun basa atawa tulisan anu éndah. Ieu téh luyu jeung pamadegan Iskandarwassid (2003:138) nu nétélakeun yén karya sastra téh nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya

sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis atawa kaéndahan sastra.

Nurutkeun Horace dina Wellek jeung Warren (1995:25) sacara umum sastra ngabogaan fungsi *dulce et utile*, nya éta éndah sarta boga daya guna atawa mangpaat. Éndah boga ma'na hal nu ngahibur, teu matak bosen sarta méré kasugemaan. Miboga daya guna, hartina bisa méré mangpaat ka nu macana.

Mémang teu bisa dipungkir deui yén karya sastra téh mangrupa rakitan basa anu éndah, anu ngahudang rasa, tapi éndah di dieu téh lain ngan samet basana wungkul. Anu leuwih poko kaéndahan dina sastra nyoko dina eusina, nya éta naon-naon anu ditepikeunana mangrupa tarékah pikeun ngahontal bebeneran. Karya sastra téh mangrupa ébréhan (éksprési) jiwa si sastrawan anu digelarkeun dina rakitan basa (Sumarsono,1986:2).

Naon-naon anu diébréhkeunana nyoko dina dunya rékaan (fiksi), lain dumasar kana alam nyata (fakta). Najan kitu teu mustahil dina karya sastra aya fakta anu dicokot tina kahirupan nyata, tapi éta fakta téh ukur digunakeun pikeun bahan anu saterusna baris diolah deui disaluyukeun jeung imajinasi pangarang.

Pidangan karya sastra téh boh basana boh eusina bisa méré kani'matan jeung rasa éndah keur nu macana, tur bisa numuwuhkeun ajén sastra keur nu ngaleyepanana. Ajén-inajén nu nyampak dina karya sastra teu leupas tina ajén kahirupan sapopoé, upamana waé ajén kaagamaan, atikan, jeung falsafah hirup. Hal sarupa kitu téh aya anu gelar dina wangun sastra puisi.

Iskandarwassid (2003:118) nétélakeun yén puisi téh nya éta wanda basa karangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wangunna

jeung ku diksina; lain dina ungkara kalimah cara dina basa sapopoé atawa cara wangun prosa. Kaayaan puisi Sunda réa rupana, aya anu kagolong puisi heubeul (buhun, tradisional) jeung aya anu kagolong kana puisi anyar. Puisi heubeul aya anu ngawujud carita, naratip (carita pantun, wawacan). Aya anu henteu ngawujud carita: rupa-rupa puisi mantra (jangjawokan, singlar, jampé, asihan), sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), kakawihan (barudak), sa'ir (pupujian, sawér, jst), pupuh (dangding, guguritan). Puisi anyar di antarana sajak (anu kiwari pangproduktipna).

Dina kahirupan sastra Sunda, nu disebut puisi pupujian téh nya éta wangun karangan ugeran anu gelarna sabada asupan pangaruh Islam ka tatar Sunda, bari mawa pangaruh anu jolna tina kabudayaan Arab. Dina kamekaran anu saterusna, wangun sa'ir dina sastra Arab, jadi wangun pupujian dina sastra Sunda. Eusi pupujian téh sumebarna nyokot tina ajaran agama Islam, ku kituna eusina moal leupas tina atikan kaagamaan, samodél ngébréhkeun kaagungan Allah SWT, nepikeun salawat ka Kangjeng Nabi Muhammad saw, pépéling, jeung saniskara anu patalina jeung ajaran agama.

Dina kalumangsunganana pupujian téh sumebar sacara lisan. Ayana pupujian biasana di lingkungan pasantrén jeung masigit. Pupujian anu di pasantrén biasana dinadomkeunana dina waktu nepikeun pangajaran, sedengkeun ari anu di masigit biasana dinadomkeunana dina waktu anu tangtu, upamana baé dina mangsa nungguan adan jeung nungguan komat.

Kiwari pupujian mangrupa salah sahiji bagian tina sastra daérah anu perlu dimumulé tur dimekarkeun ngarah tetep bisa lumangsung jeung henteu

kalindih ku pangaruh anu séjén. Di lingkungan masarakat Sunda, pupujian téh mibanda fungsi anu kawilang pentingna. Salah sahiji contona, nya éta dipaké alat pikeun panggeuing jeung silih élingan ka papada jalma. Lian ti éta, pupujian ogé mibanda fungsi pikeun nyalamatkeun jeung ngamumulé ajén budaya anu geus nyampak sarta dijadikeun alat pangajaran kaagamaan, adab, susila, jeung atikan.

Tarékah pikeun ngamumulé budaya daérah, pangpangna anu mangrupa sastra lisan salah sahijina nya éta ku cara macaan jeung ngagunakeun karya sastra nu gelar dina kahirupan sapopoé, contona pupujian. Lian ti éta, bisa ku cara diayakeun panalungtikan kana éta karya sastra.

Pikeun miara jeung ngamumulé kabudayaan daérah, Garis-garis Besar Haluan Negara (GBHN) dina katetapan MPR Nomer IV/MPR/1978 nandeskeun,

“Kebudayaan Indonesia yang mencerminkan nilai-nilai luhur bangsa harus tetap dipelihara dan dikembangkan guna memperkuat penghayatan dan pengamalan Pancasila, meningkatkan kualitas hidup, memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri, dan kebanggaan nasional, memperkokoh jiwa persatuan dan kesatuan bangsa, serta mampu jadi penggerak bagi perwujudan cita-cita bangsa di masa depan”.

Luyu jeung pamadegan anu ditétélakeun, salah sahijina diayakeun panalungtikan pupujian di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang. Hasil tina panalungtikan ieu baris didokumentasikeun dina wangun tinulis, nepi ka bisa kanyahoan wangunna, eusi, jeung hartina.

Pupujian nu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang, nepi ka mangsa ayeuna masih kénéh diparaké ku masarakatna. Hal ieu katitén tina sababaraha kagiatan atawa acara, upamana waé dina poéan ibu-ibu pangaosan nu dilaksanakeun sacara rutin (saminggu sakali). Biasana pupujian ieu dinadomkeunana nalika ustad can datang ka masjid. Salian ti acara pangaosan,

pupujian ogé sok dinadomkeun ku barudak ngaji dina waktu ngadagoan guru ngajina atawa rék waktu salat fardu.

Tina sajumlahing pupujian tadi, kacida alusna upama dimumulé jeung dimekarkeun ku cara dikumpulkeun sarta dianalisis dumasar kana wangun, eusi, jeung hartina. Salian ti mangrupa budaya Sunda, pupujian ogé euyeub pisan ku ajén-inajén anu luhur, nu bisa dijadikeun bahan leyepaneun nu patalina jeung kahirupan manusa anu keur disorang atawa nu bakal kasorang. Upamana waé eusina ngeunaan hal kudu bener-bener dina ngalakonan ibadah, cilakana jalma-jalma nu ngagugu kana hawa napsu jeung ngumbar amarah.

Panalungtikan ngeunaan pupujian nu geus dilaksanakeun, di antarana ku Yus Rusyana dina taun 1971 kalawan judul *Bagbagan Puisi Pupujian Sunda*, Tini Kartini, Spk. Dina taun 1986 kalawan judul panalungtikanana *Puisi Pupujian dalam Bahasa Sunda*. Lian ti éta, aya ogé hasil panalungtikanana anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran pikeun murid sakola di antarana: (1) Iyos Ana Rosmana, medar masalah pupujian dina skripsina ngeunaan *Modél Bahan Pangajaran Puisi Pupujian Pikeun SMA*, (2) Rini Marlina, (2000) anu judulna *Pupujian di Desa Cibaregbeg Kacamatan Cibeber Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi Sekolah Lanjutan Tingkat Pertama*, (3) Teten Prihadi, (2004) anu judulna *Struktur jeung Ajén Moral Pupujian di Kacamatan Ciwidey Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Puisi Pupujian di SLTP*.

Dumasar kana éta hal, prak-prakanana ieu panalungtikan baris dipuseurkeun kana pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “Pupujian di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang”.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Puisi pupujian dijadikeun bahan panalungtikan, sabab dina pupujian téh ngandung ajén inajén anu luhung ngeunaan tetekon agama Islam, anu penting deui pikeun mantuan dina méré atikan jeung papatah ka sakabéh jalma.

Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahanana tur puguh naon anu bakal ditalungtik, masalah dina ieu panalungtikan bakal diwatesanan, nya éta sajumlahing pupujian anu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang, sarta ajén panalungtikanana nya éta ngeunaan wangun, eusi, jeung harti nu aya dina puisi pupujian.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

- 1) Kumaha wangun pupujian anu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang?
- 2) Kumaha eusi pupujian anu kapanggih di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang?
- 3) Kumaha harti nu kapanggih dina pupujian nu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan nya éta rék ngadéskripsikeun:

- 1) Wangun pupujian anu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.
- 2) Eusi pupujian anu kapanggih di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.
- 3) Harti nu kapanggih dina pupujian nu aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Hasil panalungtikan téh dipiharep bisa jadi mangpaat, boh pikeun panalungtik boh pikeun nu maca umumna. Di sagigireun éta ogé, dipiharep ieu panalungtikan téh aya mangpaatna pikeun hal-hal anu leuwih jembar, di antarana:

- 1) Pikeun ngajembaran pangaweruh pupujian hususna ngeunaan wangun, eusi, jeung hartina.
- 2) Pikeun ngamumulé karya sastra Sunda nu mangrupa pupujian.
- 3) Sangkan bisa ngadéskripsikeun pupujian anu kapanggih ti Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.

1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, ngeunaan téori atawa pamanggih anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Sagala bebeneran, téori, jeung pamanggih anu dijadikeun cecekelan teu dipasualkeun deui bener atawa salahna. Dina prinsipna sagala rupa anu tadi téh bisa ditarima ku sakabéh pihak tanpa kudu diuji deui (Suyatna 2002:7).

Anggapan dasar téh mangrupa dasar mikir pikeun panalungtik salaku cecekelan nu utama. Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan ditétélakeun di handap:

- 1) Pupujian téh masih aya di Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang.
- 2) Pupujian bisa dianalisis dumasar kana wangun, eusi, jeung hartina.
- 3) Pupujian mangrupa sastra lisan anu bisa didokumentasikeun dina wangun tulisan.

1.5. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, leuwih tiheula baris dijéntrékeun wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan nya éta saperti ieu di handap:

1. Pupujian

Pupujian nya éta wangun puisi tradisional nu mangrupa wanda basa karangan nu rakitanana kauger ku wangun, diksi, jeung wirahma sarta mibanda eusi ngeunaan puja-puji kaagungan Pangeran, salawat ka

Kangjeng Nabi, pépéling ka umat atawa ngajak ngajalankeun ibadah (salat, puasa, jst), ngébréhkeun kalaipan jeung kateudayaan manusa.

2. Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang

Kacamatan nya éta salah sahiji tingkat pamaréntahan anu aya di saluhureun désa sahandapaeun kabupatén. Jadi Kacamatan Sumedang Selatan Kabupatén Sumedang nya éta salah sahiji tingkat pamaréntahan anu aya di saluhureun désa sahandapeun Kabupatén Sumedang.

